

PIALA Dunia dimulai. Aku duduk di atas kursi di depan televisi yang menyala. Ingin menonton pertandingan ulang semalam yang tidak sempat kutonton. Tapi hanya ada gambar seperti kumpulan semut yang sedang berkelahi.

Stasiun televisi yang akan kutonton entah kenapa enggan muncul. Aku mendesah pelan. Kupandangi remote televisinya. Kucoba menekan tombol-tombolnya. Tidak jua muncul tayangan stasiun televisi favoritku.

Aku menyangka remote televisi tidak bisa berfungsi.

"Mungkin baterainya habis." Aku lantas mengeceknya dengan alat baterai tester. Dan benar baterainya memang habis.

Aku lalu membuka celengan dan menghitung jumlah uang di dalamnya untuk membeli baterai baru. Terumpul empat ribu. Kemudian segera pergi ke toko dekat rumah. Ternyata harga baterainya lima ribu. Aku terpaksa berutang dulu.

Setelah mendapatkan baterai, Aku segera pulang. Tiba di rumah, aku langsung memasang baterai ke remote. Tapi tetap tidak tampak gambar tayangan stasiun televisi. Aku jadi kesal.

"Ini apa giliran remotenya yang rusak ya," gumamku sambil menepukkan remote beberapa kali ke telapak tangan. Lalu kuarahkan ke televisi, memencet tombol-tombolnya. Tapi tetap tidak kunjung muncul.

Aku kian jadi tambah kesal. Hendak kubanting remotenya tapi dicegah Ibu yang tiba-tiba keluar dari kamarnya.

"Kenapa remote mau pakai dibanting segala, Wan?" Aku memberitahu Ibu kalau televisi menyala tapi tidak kunjung muncul tayangannya meski baterai remote sudah kuganti.

Ibu kemudian meminta remote televisi dari tanganku. "Mana sini

Ibu periksa dulu remotenya?" Aku terpaksa memberikan remote kepada Ibu.

Ibu sejenak mengamati bagian luar remotenya. lalu membuka bagian baterai remotenya. Ia tampak kaget.

"Pantes televisinya enggak mau nyala, kamu pasang baterainya kebalik gitu, Wan," kata Ibu sambil mencopot baterai dan memasangnya kembali dengan benar. Tapi televisi tidak kunjung memunculkan tayangan.



"Kok masih tetap sama saja, Bu," sahutku. Ibu menggeleng. Aku pun bingung.

"Mungkin televisi kita belum digital, Wan." Ibu mengingatkanku. Aku tertegun.

"Kamu tahu caranya bikin jadi digital, Wan." Aku menggeleng.

"Harus beli alatnya dulu, Bu." Ibu mengangguk pelan.

"Memangnya kita enggak dapat bantuan alatnya, Wan." Aku kembali menggeleng.

"Harus daftar dulu, Bu." Mendengar jawabanku, Ibu kembali masuk kamarnya dengan wajah sedih, tidak bisa lagi menonton tayangan sinetron favoritnya.

"Untung tadi aku enggak jadi banting remotenya tadi. Kalau benzeran, harus beli remote baru lagi.

Padahal masih ada utang seribu. Belum lagi masih harus beli alat biar bisa digital," gumamku. Kepalaiku mendadak pusing memikirkan.

Kuambil hape dari sakuku. Kucoba meredakan pusingku dengan berselancar di dunia maya. Membuka media sosial. Tapi yang kudapat, kepala ini malah makin pusing melihat dunia maya berselweran berita sensasi tidak jelas.

Di media sosial, ingin aku memuntahkan segala kekesalanku tidak bisa menonton bola di televisi gara-gara belum digital. Tapi aku menahannya. Berpikir ulang resiko yang akan kuhadapi nanti. Aku tidak mau mencari sensasi. Aku menghirup nafas dalam-dalam.

Lalu kubayangkan sepuluh atau dua puluh tahun mendatang, televisi akan menjadi barang langka seperti radio dan koran. Digan-tikan zaman digital, era internet di mana semua orang bebas berkreasi. Bebas mengekspresikan perasaan, mengaktualisasikan diri lewat panggung mereka sendiri.

"Ah... semua memang zamannya. Perubahan itu suatu keniscayaan akan siap atau tidak siap harus kita terima." Aku membatin. Lalu mematikan televisi.

Aku beranjak menuju ruang tamu. Menyalakan radio di atas meja pojok ruang tamu. Lalu kuambil koran pagi yang tergeletak di teras rumah dan membawanya masuk ke dalam. Ya setidaknya masih ada radio yang kudengar dan koran yang kubaca, kekecewaanku tidak bisa menonton bola di televisi bisa sedikit terobati. ☐d

Yogyakarta, 14 November 2022

**) Herumawan PA, tinggal di Sleman, karyanya dimuat di berbagai media massa, kumpulan cerpen-nya 'Pulsa Nyawa' diterbitkan AT Press Lombok, Agustus 2019.*

Oase

Kurnia Hidayati

AFORISME ESOK HARI

1/

Selalu rahasia tersemat dalam kepala, tatkala esok hari menjelma kata tanya Sebab masa terulur tanpa mengerti kapan ia usai terukur Kendati telah terbuhal di tiap tangkai bunga tidur Nadi yang dimiliki hanyalah denyut; mudah dihentikan maut Segala yang bernyawa kelak akan terenggut!

2/

Pada secebis angan dan senoktah asa Tergurat dalam ribuan kata Buku jurnal harian yang dipunya Tetap tak kuasa menahan laju kismet yang mendekat Menggapai-gapai rencana yang semampai Namun ia akan tetap sampai Barangkali, esok hari Sunyi membekap segala gegap gempita!

Batang, 13 Mei 2022

MELANKOLIA POTRET KELUARGA

Sebagai penanda silsilah, ia terpanjang di ruang tengah Usang dan menguning, rapat dihimpit kaca bening Bingkai beraksen ukiran, menyiratkan lama tahun pembuatan Potret tanpa warna, menggamit ekspresi wajah yang biasa Tak karib pada senyuman dan pelbagai rupa gaya Di depan kamera

Potret keluarga nenek dan kakek tatkala muda, adalah sebuah benda berharga Sebab ia mampu mengawetkan, sebuah lanskap kejadian Menjadi sebuah lembar kenang Yang menghadirkan linang air mata tatkala lekat dipandang

Di sini, aku bernostalgia serupa terseret dalam lorong masa Masuk ke dalam relung rumah nenek di desa Syahdu suasana kanak-kanak di mana semuanya masih ada Saling hadir dan menyayangi, serta beradu manja Sebagai seorang cucu yang pertama

Potret keluarga dan semua cerita di dalamnya akan selalu menjadi sepotong fagmen masa lalu yang menggenapi kisah kehidupan Tatkala raga dan masa bergerak merengkuh kedewasaan

Batang, 19 Mei 2022

**) Kurnia Hidayati, lahir di Batang, Jawa Tengah. Tulisan-tulisannya pernah dimuat di berbagai media massa. Buku kumpulan puisinya berjudul 'Senandika Pemantik Api' terbit tahun 2015. Bisa dihubungi di akun instagramnya @katakurnia.*

MEKAR SARI

RUSMAYATI mlebu ruwang ICU, ora oleh ditiliki. Bisa niliki mung oleh nyawang saka njaba cendhela kaca. Hendro lan bojone uga mung bisa nyawang saka cendhela kaca. Praupane Rusmayati ora cetha marga ketutupan piranti ambegan saka tabung oksigen lan perban.

Bimo bojone Rusmayati uga mung nunggu saka njaba. Rusmayati bubar oprasi tumor, benjolan ing bathuke. Sawise nglairake anak sing nomer loro Rusmayati laralaranen. Awake kuru, rupane sing maune ayu dadi katon kuyu. Katon luwih tuwa tinimbang umur sing sabenero.

Hendro lan bojone semono uga Bimo ora omong-omongan. Kabeh keli marang angen-angene dhewe. Nyut... Hendro dadi kelingan, lelakon wetara sepuluh tahun kepungkur. Biyen Hendro ngesir Rusmayati tilas kanca SMA.

Wiwitane yen Hendro teka wayah awan ditemoni. Nanging bareng Hendro teka malem Minggu, Rusmayati ora gelem nemoni. Apa ta bedane malem Minggu ditandhing malem liyane? Manut Rusmayati, priya sing teka menyang omahe wanita malem Minggu, cetha kuwi apel. Mula Rusmayati ora gelem nemoni. Hendro isih begja, Maharani adhike Rusmayati gelem metu nemoni. Nanging sing dituju dudu Maharani, dadi ya mung crita ngalor-ngidul. Ora gumathok. Nalika malem Minggu candhake, ya Maharani sing metu nemoni Hendro.

Satemeno Hendro tanggap, Rusmayati ora nimbangi. Nanging Hendro ngeyel, malah rumangsa ditantang, kudu bisa nelukake Rusmayati. Saben malem Minggu teka lan ajeg ketemune Maharani.

Nganti sawijining malem Minggu, Hendro teka, lan dheweke kaget. Saiki Rusmayati gelem metu nemoni. Gapyak sumanak tangkepe.

Sawise Sepuluh Tahun Cerkak : Warisman



Ganti Maharani sing ora metu nemoni. Hendro kebak pitakon. Krasa ana apa-apa marga Rusmayati katon gapyak.

Ora antara suwe ana tamu teka. Bimo. Rusmayati nepungake yen Bimo kuwi pacare, wis nembung marang wong tuwane lan wis ana rembug kapan olehe bakal dadi mantan.

Angel olehe arep nggambarake kaya ngapa rasane Hendro nalika semana. Ora jenjem, kaku. Mula banjur milih pamit.

Olehe numpak motor kanthi rasa sing ora karu-karuwan, njalari suda pangati-atine. Aspalan anyar isih akeh krik-ile kumambang. Motore Hendro kepleset Hendro tiba kebanting. Sikile tatu, awake njarem Hendro kepeksa kudu opname ing rumah sakit.

Elok, embuh krungu saka sapa, Maharani tilik menyang rumah sakit. Dikancani adhine ragil Raditya.

Dina candhake Rusmayati uga tilik, nanging bareng karo Bimo. Sakarone tangkepe kebak rasa asih lan pambombong marang Hendro.

Panglamune Hendro buyar

marga ana perawat teka, arep mriksa Rusmayati. Bimo, Hendro lan bojone ngadeg ngormati perawat lan kebak pangarep-arep. Perawat mlebu mriksa Rusmayati.

"Kadospundi Suster, semah kula?" pitakone Bimo sawise perawat metu.

"Sae Pak, nanging sabar sawetawis," kandhane perawat kuwi.

"Suster, sampun pareng pun tuweni mlebet dereng?" pitakone bojone Hendro.

"Dereng Mbak, nanging boten perlu kuwatos, kawontenanipun sae," wangsulane si perawat sinambi nglungani mbacutake mriksa pasien liyane.

Hendro ngrangkul bojone, ngepuk-epuk pundhake. Sumelip rasa sukur ing atine Hendro, tujune biyen Rusmayati ora nanggapi. Jebul bareng duwe anak loro, Rusmayati lara-laranen. Awake rusak, ayune ilang.

Hendro rumangsa sukur bojone sehat, gemati, rupane ora kalah ayu katandhing Rusmayati. Bojone Hendro kuwi ora liya Maharani adhine Rusmayati. ☐d

Geguritan

Sri Wijayati

PADHANG REMBULAN

Wengi iki langite padhang njingglang Rembulan wis katon ngegla ing sandhuwure gunung Ing sisih wetan katon bunder kepleng Sapa wae sing ora rumangsa seneng

Nyawang endahe cahyane rembulan Rembulan purnama gawe sengseme ati Apamaneh kang lagi nandhang kasmaran Kang lagi nandhang lara wuyung

Nyawang rembulan bisa dadi panglipur ati Ing kana katon wewayangan sliramu Katon gawang-gawang endahe esemmu Kang tansah ndayani angreridhu atiku
Bantul, 3 November 2022

WAYAH ESUK

Srengenge wis ngatonake cahyane Miyak pedhut kang nutupi desa Hawa krasa seger Mahanani sehat ing jiwa raga

Katon sawah kang jembar ngilak - ilak Tandurane pari ijo royo- royo Kadang tani sengkud garap sawahe Nyambut gawe tumemen ora nggresula

Wit-witan dhuwur- dhuwur ngrembuyung godhonge Kembang-kembang mekrok ing plataran Nambahi endahe sesawangan Ing langit wis katon ana mendhung

Udan tumiba prasasat meh saben dina Krasa ana sumilire angin tumiyup Keprungu swara manuk ngoceh Pating cruwit rame nggawa lelagon LeLAGON katresnan kang endah

Kangen rasa ing ati kapan bisa ketemu Bareng mlaku-mlaku gegojegan sinambi nyawang udan Kaendahane desa sing kasempyok sumilire angin Crita kahanan lan ngguyu bebarengan
Bantul, 3 November 2022

SASMITANE ALAM

Ing mangsa udan sing lagi wae durung suwe Kahanan dadi beda kebak pitakonan Kenengapa yen saiki udan deres ora gantalan suwe terus banjir Banyu udan mili banter ora ana sing nyaruwe

Ngebaki kali sing kebak sangkrah Kenengapa isih ana sing seneng mbuwang uwuh ing kali Tanpa rikuhek pekewuh apa maneh kok wedi Coba saiki sawangen angger udan deres sewengi

Ati dadi ketir-ketir apa sing arep bakal dumadi Apa maneh sing duwe omah pinggir kali Anane mung tansah trataban ing ati Pancen bener alam wis aweh sasmita

Aja nganti lena kurang ing pangati-ati Sing seneng mbuwang uwuh ing kali Becki padha sadhar dhiri aja nganti diterus-teruske Mesakke yen nganti ana prastawa banjir Akeh korban, bandha mayuta-yuta Uga nyawa bisa dadi bantenne
Bantul, 3 November 2022

AWAN-AWAN ING PADESAN

Sang Bagaskara wis mencorong madhang jagad raya Dalan aspal alus amba ing desa tengah sawah Rame kendharaan padha liwat pating slifer Turut pinggir kiwa kuwi dalanmu Supaya wong liya bisa liwat kanthi aman

Ora esuk ora awan ora sore Akeh wong padha liwat dalan gedhe Kanggo sarana methuk rejeki saka Pangerane Krasa sumilir angin tumiyup Nyempyok kembang-kembang jagung sing katon mekrok

Pancen wis mancik mangsa rendheng Tanduran katon ijo royo- royo Katon kembang genjer warna ungu Sinawang endah alami nengsemake ati Ngebaki blumbang sacedhake sawah

Wong - wong padha nyawang endahe alam Langit biru rinengga mendhung liwat Angin sumilir tumiyup tekan desa pinggir sawah Nggawa crita lelagon kembang-kembang asmara
Bantul, 3 November 2022